

BAB III

TRANSKRIPSI DAN TERJEMAHAN

CERITA DEWISEKAR DADU

3.1 PENGANTAR

Transkripsi ialah pengubahan wicara menjadi bentuk tertulis, biasanya dengan menggambarkan tiap bunyi / fonem dengan satu lambang (Kridalaksana, 1982:170). Transkripsi cerita Dewi Sekardadu mengikuti prinsip “pemindahan secara setia”. Artinya, semua ucapan dipindahkan ke bentuk tulisan, yakni keadaan teks agar tidak jauh berbeda dengan rekaman. Akan tetapi transkripsi ini bukanlah transkripsi fonetik (Kridalaksana, 1982:44) yang sesungguhnya, sebab transkripsi ini bercampur dengan unsur bahasa tertulis. Hal ini dimaksudkan agar pembaca mudah membaca teks lisan. Adapun unsur-unsur bahasa tertulis, misalnya, tampak di dalam penggunaan tanda baca dan huruf besar. Konsekuensi prinsip “pemindahan secara setia” ialah kata-kata yang diucapkan responden, yang berupa : salah ucap, makna tidak jelas, salah menggunakan kata dalam dialek, ucapan itu ikut dipindahkan ke bentuk tulisan. Dalam upaya agar pembaca dapat memahami teks, khususnya untuk cerita Dewi Sekardadu, kata-kata tersebut dicatat dan diberi penjelasan seperlunya (lihat catatan halaman 54-57).

Ejaan ialah penggambaran bunyi bahasa dengan kaidah tulis-menulis yang distandardisasikan (Kridalaksana, 1982:38). Adapun sistem ejaan yang dipergunakan didalam transkripsi cerita Dewi Sekardadu ialah “Pedoman Ejaan

Bahasa Jawa yang Disempurnakan” yang diterbitkan oleh Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa (1977). Apabila di dalam pedoman ini ada hal-hal yang belum diatur, atau kurang jelas, misalnya masalah penulisan kata majemuk, peneliti mengacu pada “Pedoman Ejaan Bahasa Indonesia yang Disempurnakan”.

Penerjemahan ialah pengalihan amanat antar budaya dan/atau antar bahasa dalam tuturan gramatikal dan leksikal dengan maksud efek atau ujud yang sedapat mungkin tetap dipertahankan (Kridalaksana, 1982:128). Moeliono (1977:1) mengatakan bahwa tidak mungkin membuat terjemahan kata demi kata diantara bahasa yang berbeda strukturnya, jika hasilnya dipahami dengan tepat. Berdasarkan hal itu, penerjemahan cerita Dewi Sekardadu mengikuti prinsip “penerjemahan secara bebas”, artinya teks cerita Dewi Sekardadu diterjemahkan secara bebas, tidak terikat oleh struktur bahasa yang digunakan oleh responden, dengan catatan tidak menyimpang dari konteks budaya masyarakat pendukungnya. Disamping itu, prinsip lain yang dianut dalam penerjemahan ini adalah prinsip Nida dan Taber (Nida dan Taber dalam Hutomo, 1993:20), yaitu pemindahan amanat (message) dengan memperhitungkan situasi dan kondisi bahasa penerima. Prinsip pemindahan amanat tersebut dipergunakan untuk memindahkan kutipan-kutipan yang berupa peribahasa dan saloka dari bahasa Jawa dengan tidak diterjemahkan, sebab untuk menjaga keaslian dan keutuhan amanat, serta salah tafsir. Masalah lain yang perlu diperhitungkan di dalam penerjemahan adalah masalah gaya penceritaan. Cerita Dewi Sekardadu pada dasarnya mengandung gaya penceritaan yang tidak terikat oleh aturan-aturan tertentu, misalnya aturan pembarisan, persukukataan, dan lain-lain.

Sehubungan dengan hal itu, maka prinsip yang dianut ialah prinsip yang dikemukakan oleh Nida dan Taber (Nida dan Taber dalam Hutomo, 1993:20), yaitu gaya prosa dipindahkan dengan memakai gaya prosa. Teks cerita Dewi Sekardadu yang ditranskripsikan dan diterjemahkan ini berdasarkan rekaman tanggal 3 Juni 1999 di Desa Balongdowo Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo Jawa Timur.

Genre	: Cerita prosa rakyat	Nama	: Kinawar
Daerah asal	: Desa Balongdowo	Umur	: 60 tahun
	Kecamatan Candi	Jenis kelamin	: Laki-laki
	Kabupaten Sidoarjo	Pekerjaan	: Aparat Desa
	Jawa Timur	Kebangsaan	: Indonesia
Suku bangsa	: Jawa	Suku Bangsa	: Jawa
		Tempat lahir	:DesaBalongdowo
			Kecamatan Candi
			Kabupaten Sidoarjo
		Bahasa yang dikuasai	: Jawa dan Indonesia
		Tempat diperoleh	: rumah Bapak Kinawar
			Desa Balongdowo
			Kecamatan Candi
			Kabupaten Sidoarjo

Nama	: Sukaryanti
Suku Bangsa	: Jawa
Umur	: 24 tahun
Jenis kelamin	: Perempuan
Alamat	: Jl. Bratang Wetan 1 /12
	Surabaya

3.2 TRANSKRIPSI TEKS *CERITA DEWI SEKARDADU*

Miturut catetan sejarah abad patbelas maschi, kerajaan Blambangan kenekan wabah penyakit sing mrihatinna banget, isuk turu, sore mati. Rakyat Blambangan sing akeh dadi korban saka wabah iku rumangsa kuatir lan keweden. Malahan ana wabah penyakit sing sampék tumeka istana, sampék putrine raja sing jenenge Retna Dewi Kasiyan utawa akeh sing nyebut Dewi Sekardadu uga kenekan wabah iku.

Kerajaan Blambangan sing rikala diperintah dening salah sawijining raja sing asmane Prabu Minak Sembuyu yaiku salah sawijining keturunan Prabu Hayam Wuruk saka kerajaan Majapahit. Ningali kejadian sing ngeneki rakyat lan putrine, Prabu Minak Sembuyu sing dadi raja Blambangan ora meneng wae. Ditekakne pirang-pirang dukun lan tabib kanggo ngusir wabah ing daerah Blambangan tur ngobati putrine. Ananging kabeh usahane kuwi mubadzir, masiya ngana sang prabu uga nyadari yen Gusti Allah isih durung ngersakne ilange wabah lan maringi kasembuhan kanggo putrine.

Amarga saya suwi wabah saya ndadi, malah meh sabendina akeh rakyat Blambangan sing mati. Putri Sekardadu dewe kerep ora sadar lan awake saya dadi kuru, karek kulit sing nemplek neng belunge. Mula saka kuwi ketabahan sang Prabu mulai ilang luwih-luwih tuan permaisuri saya suwi saya tambah rasa gelisahe, ngwatirne karo keadaanne Dewi Sekar Dadu putri siji-sijine iku, sang Prabu dadi panik kaya-kaya putus asa.

Sakubare ana penyuwunan saka permaisuri, sang Prabu terus ngangkan Patih Bajul Sengara gawe ngenkake wara-wara sayembara sing isine : “Sapa wae sing isa ngusir wabah lan isa marekne putri raja, yen wadon arep diwenehi hadiah lan didadekne dulure raja, nanging yen lanang arep dipek mantu dening raja.”

Wara-wara iku wis mlaku sawetara minggu suwine, ternyata ora ana babar pisan uwong sing wani nyoba ngajakne awake. Permaisuri tambah dadi sedih atine, Prabu Minak Sembuyu berusaha nglipur garwane nganggo ngongkon Patih Bajul Sengara sepisan maneh gawe nggolek pertapa sing sakti mandraguna supaya gelem ngobati larane putrine. Karo nggawa sepuluh prajurit pilihan, Patih Bajul Sengara budhal ninggalne kerajaan Blambangan jalakne tugasse. Rombongan Patih Bajul Sengara wis pirang-pirang ndina mlebu metu lan munggah mudhun gunung, sampek akhire tumekaning puncak salah sawijine gunung lan ketemu karo salah sawijine pertapa sing wis terkenal kadigdayanne, dhuwur ilmune lan waskitha. Resi Kandabaya sing dadi julukane.

Mula saka kuwi pas Patih Bajul Sengara lagi wae lungguh neng ngarepe, Resi Kandabaya ngangkan dheweke mbalik neng kerajaan, amarga Resi Kandabaya ora sanggup ngusir wabah saka tanah Blambangan utawa ngobati putri raja.

Sebagian riwayat ana sing nyritakne yen pertemuan rombongan Patih Bajul Sengara karo Resi Kandabaya kuwi dimulai nganggo kedhadean sing mbebayakno, gawe nguji kesaktianne sang Resi. Dicitakne sakubare dingerteni yen ing puncak gunung iku ana pertapa sing lagi tapa, mula saka kuwi Patih Bajul Sengara merintahne para prajurite gawe nyerang Resi Kandabaya. Nanging pas para

prajurite iku arep ngarahne pedhang neng sang pertapa, kabeh prajurit kuwi mendhal neng mburi lan ccblok sing adohe sepuluh tombak. Karo kelangan senjata, para prajurit sambat kelaran lan ora kuat tangi maneh.

Patih Bajul Sengara dadi penasaran, banjur dheweke ngunus keris lan disawatane pas janting Resi Kandabaya sing isih semedi. Ananging keris sing disawatane nganggo tenaga dalam sing uwis dhuwur tingkatane, pas arep ngencki sasaran, malah pucuke mbalik neng arahe Patih Bajul Sengara dhewe. Untung wae Patih Bajul Sengara tansah waspada, nganggo tindakan sing cepet dheweke nyeblok neng lemah, sahingga kerise mau mleset lan nancep neng uwit. Karo gemetar amarga kewedhen Patih Bajul Sengara mbrang kang lan sujud neng ngarepe sang Resi gawe njaluk ngapura.

Resi Kandabaya ora ngreken sakabehe kuwi, dheweke isih tetep lungguh sila karo mripat merem kaya-kaya ora ana apa-apa. Ing sajrone kahanan kaya mengkono mau, ora dinyana-nyana ana manuk dara putih teka neng ngarepe sang Resi kanggo ngaturake nawala (surat). Banjur sang Resi mbuka sekalhipun netra nuli mundhut nawala godhong lontar menika lan sak lajengipun dipun waos.

Ringkesing cerita, sak sampunipun sang resi maringi ngapura Patih Bajul Sengara lan mulihake tenaga para prajurit, banjur Resi Kandabaya ngendika ora sanggup ngusir wabah pagebluk neng bumi Blambangan.

Patih Bajul Sengara gelisah atine lan dheweke nyoba kaping pisan maneh ngepek atinipun sang Resi supaya purun ngabulake panyuwunipun utawa sak ora-

orane maringi pituduh pripun carane ngatasi pagebluk kuwi mau. Ananging sang Resi tetep dhawuh yen dheweke ora bisa apa-apa.

Patih Bajul Sengara terus wae ngrayu sang Resi. Sang Resi ngerti apa sing dadi karepe atine Patih Bajul Sengara. Sang Resi mboten purun maringi dhawuh utawa jawaban panjaluke Patih Bajul Sengara, sang Resi cuma ambegan gedhe.

Sakbanjure kahanan dadi hening, ora ana pangucap sak kecap pun, kabeh padha ndingkluk. Resi Kandabaya uga ndingkluk lan mikir, mbayangne polah tingkahe Patih Bajul Sengara marang wong kang isa nambani Putri Sekar Dadu. Banjur sang Resi ngendika aja-aja sang Prabu dhewe ora kersa nuruti apa sing diaturake wong sing nambani putrine.

Krungu amongane sang resi Patih Bajul Sengara janji yen dheweke utawa sang prabu mesti arep ngabulne apa wae sing dadi panjaluke wong sing arep nambani, pokoke Dewi Sekar Dadu iso mari.

“Apa bener amonganmu kuwi iso dicekel ? “ takonane sang resi. “Sakestu sang resi ... menapa mawon ingkang kula ucapaken badhe dados kenyataan”, jawabe Patih Bajul sengara.

“Sing bener wae , aku isih ragu.”, sahute sang resi. Nanging yo wis banjur iku sang resi ngandani yen ing guwo gunung Selangu ana sawijineng pertapa lan mung uwong iku sing sanggup ngusir wabah sing ana Blambangan lan uga isa nambani Putri Sekar Dadu.

Jalanan dina iku wis arep wengi, banjur Patih Bajul Sengara lan rombongan nginep neng padepokan saka panyuwunne sang resi. Sesuke, isuk-isuk banget rombongan budhal nuju neng gunung Selangu.

Pas rombongan arep budhal, sang resi ngelekne supaya Patih Bajul Sengara aja coba-coba kurang ajar neng wong sing dijaluki tulung, amarga kuwi iso nggawa kacilakan marang patih dhewe. Sakliyane iku sang resi uga titip salam supaya disampekake neng wong sing dituju patih mau. Sedina muput Patih Bajul Sengara lan prajurite digawa mlayu dening jaran-jarane, banjur kabeh tumekaning gunung Selangu.

Kabeh ngubengi gunung kanggo nggolcki ana ing ngendi guwa sing dikarepne Resi Kandabaya kuwi. Akhire guwa iku ditemokna. Waktu iku pas dinane wis mulai peteng, nanging saka njero guwo iku tansah ketok terang jalanan saka sinar sing ora dingerteni, sinar apa iku mau.

Patih Bajul Sengara cepet-cepet mlebu neng sajronc guwo ijenan, dening prajurite diperintahne ngenteni ning njaba. Saya mlebu neng njero, saya terang cahya sing mancar iku mau.

Sakwise teka ana neng sawijine panggonan, ora dinyana-nyana Patih Bajul Sengara banjur ngendegne lakune, dheweke kaget lan nggumun, tibake tekane sinar sing mancar nerangi guwa iku saka awake sawijine uwong sing nganggo jubah putih, sing lagi lungguh tafakur marang Gusti Allah.

Patih Bajul Sengara alon-alon mlaku karo dengkul nyedak marang wong iku. Sakbubarca dingerteni yen ana uwong sing ngadep, uwong iku nyampekne aurate

lan takon :”Sampeyan sinten kisanak lan wonten perlu napa tumekaning mriki?”. Patih Bajul Sengara njawab : “Asma kula Bajul Sengara, utusan saking Blambangan. Dumugi ngadep tuan, pertama nyampekaken salam saking Resi Kandabaya kagem panjenengan, lan kaping kalihipun nyampekaken maksud Prabu Minak Sembuyu supados panjenengan purun ngobati putrinipun ingkang nandang gerah lan sekaliyan ngusir wabah ingkang wonten tanah Blambangan.”

Banjur pertapa iku ngendika : “Matura marang sang prabu, jenengku Ishaq, aku saguh nambani putrine lan ngusir wabah sing ana neng Blambangan, nanging nganggo syarat yaiku sang prabu sak keluargane saguh mlebu agama Islam, lan rakyat Blambangan saguh nrima nasehatku.”

Krungu persyaratan sing diutarakne Syaikh Maulana Ishaq iku, saktermene ati Patih Bajul Sengara ora iso nrimo, yen ora ngelingi pesene Resi Kandabaya, mungkin jantungge Syaikh Maulana Ishaq mau dijojoh nganggo keris pusakane. Amarga saka iku, dheweke cuman iso ngomong : “ Nyuwun Ngapunten tuan..... kula namung dados utusan, dening saking menika persyaratan ingkang tuan suwun langkung sae kula sampekaken dhumateng sang prabu rumiyen.”

Jawabe Syaikh Maulana Ishaq : “Memang kudu ngono.” Banjur sesuk esuke Patih Bajul Sengara mbalik neng istana nyampekne persyaratan sing disuwun karo Syaikh Maulana Ishaq. Sakithipun ora dikira karo Patih Bajul Sengara, ternyata sang prabu gelem nrimo syarat sing diajukake karo Syaikh Maulana Ishaq iku.

Tanpa ngrasa kesel, Patih Bajul Sengara mbalik budal neng gunung Selangu kanggo nemoni Syaikh Maulana Ishaq. Neng kono dheweke ngadep karo

matur : “Wonten kabar ingkang ngremenaken kagem panjenengan, amargi sang prabu kersa nrima persyaratan ingkang panjenengan suwun. Malah seumpaminipun panjenengan kasil nambani putrinipun, panjenengan badhe dipun kawinnaken kaliyan Putri Sekar Dadu ingkang panjenengan tambani. Nanging sebalikipun, seumpami mboten berhasil, berarti panjenengan badhe angsal hukuman mati saking sang prabu.”

Krungu perkara iku, Syaikh Maulana Ishaq ngguyu dibarengi nganggo rasa arife, lan ngomong : “Matur Suwun, percaya wae yen Allah ngidzini, aku ora arep ngecewakne sang prabu. Aku gelem nulung ora amarga sang prabu maringi hadiah kaya mekono mau marang aku,” kaya ngono mau jawabane Syaikh Maulana Ishaq, lan sakbanjure kuwi Syaikh Maulana Ishaq ngomong yen dheweke sing nulung ngobati Putri Sekar Dadu lan sing mbebasne rakyat Blambangan saka wabah iku wis dadi kewajibane sing kudu nulung marang sesamane.

Amarga saka perintah agama, banjur Syaikh Maulana Ishaq ngucap yen setiap kabecikan sing dilakoni menungsa iku ibadah lan ibadah sing dileksanakne tanpa rasa pamrih sing sifate duniawi lan bener-bener ikhlas amarga Gusti Allah sebabe.

Sakwise iku Patih Bajul Sengara lan para prajurite diperintahno mbalik neng istana luwih dhisik, sing banjur arep disusul karo Syaikh Maulana Ishaq. Saben Waliyullah andhuweni keluwihan, kayata Syaikh Maulana Ishaq sing sakkejab wae dheweke wis teka neng kerajaan Blambangan, dene Patih Bajul Sengara lan rombongan isih ana ing perjalanan.

Anaing ngarepe sang prabu, Syaikh Maulana Ishaq ngendika yen dheweke dijaluki tulung dening Patih Bajul Sengara gawe ngobati putri raja, raja dhewe nyambut karo perasaan seneng lan Syaikh Maulana Ishaq diajak mlebu neng kamare Dewi Sekar Dadu. neng pembaringan kethok sawijine putri ayu neng keadaan gumlethak lemes karo wajahe katon pucet lan mripate merem. Syaikh Maulana Ishaq sing ana neng sisihe ngadeg ngadep kiblata, sirahe nengadah lan tangane uga nengadah karo ndongo marang Gusti Allah SWT. Ora suwe sakwise ndongo, Syaikh Maulana Ishaq nyebut wajah lan sirahe Dewi Sekar Dadu sing lagi lara iku mau. Ndeleng kahanan wektu iku sang prabu lan permaisurine nggumun lan sekaligus rumangsa seneng banget amarga putrine saktika iku dadi waras kaya biasane.

Sesek esuke Patih Bajul Sengara sing lagi teka neng istana iku ora main kagete sakwise krungu crita teka sang prabu yen Syaikh Maulana Ishaq wis teka ket wingi lan kasil nambani Dewi Sekar Dadu. Mula saka iku Patih Bajul sengara oleh teguran saka sang prabu amarga telat tekane.

Patih Bajul Sengara diprintahne supaya maringi weruh marang rakyat yen Syaikh Maulana Ishaq sing kasil nambani Putri SekarDadu, lan ditetepne dadi garwone Dewi Sekar Dadu, sesuai janjine Raja Minak Sembuyu.

Karo ngenteni dina perkawinane sing wis ditentokne , Syaikh Maulana Ishaq ngelilingi negeri Blambangan gawe ngusir wabah. Sesok esoke deweke ngadep raja ngelaporne hasil penyelidikane. Sak temene anane wabah penyakit sing sumebar disebabne amargo rakyat Blambangan kurang njaga kebersihan.

Akeh-akehe rakyat Blambangan yen buang hajat ning sembarang tempat lan ugo amargo teko kebiasaan rakyat sing seneng mangan panganan sing beracun. Siji-sijine cara kanggo ngilangake wabah yoiku balek menyang masyarakat iku dewe, yoiku kudu ngerubah cara uripe, mbiasakno urip resikan lan nyegah orah mangan daging kewan sing beracun.

Sak wise diadakno penyuluhan kebersihan lan keschatan marang rakyat Blambangan sak kabehe, kabeh wabah sing ono dadi ilang lan akeh sing waras soko larane. Anane rakyat sing wis nemen larane, Syaikh Maulana Ishaq kepekso nganakake pengobatan khusus nanggo cara menehi ramuan gawe pengobatane, sampek rakyat iku dadi waras koyo sedio kolo.

Ning sajeroné buku Babat Tanah Jawa wis diceritakno, wektu dini perkawinan Syaikh Maulana Ishaq kalia Dewi Sekar Dadu iku ono kedadian sing nakjupno kabeh sing teko nang kono. Wektu dilaksanakno upacara pernikahan jamuan panganan sing ditokno, kabeh soko daging kewan haram, koyo babi, asu lan liyo-liyane.

Syaikh Maulana Ishaq dai sedih banget ngadepi panganan sing dadi larangan agama Islam iku. Dheweke ngeroso kebingungan, neng sajeroné ati dheweke ngucap : “Yen ora dipangan, tentu sang prabu mengko tersinggung, nanging kabeh panganan sing ana iku nyata-nyata larangan agama”. Ana ing kahanan sing kaya ngono iku, akhire Syaikh Maulana Ishaq ndungo marang Allah SWT supoyo ditunjukake dalam keluare. Moro-moro ono kedadian sing najubno yoiku daging-daging kewan haram sing wis dimasak iku mau urip manch lan ngelompat nang endi-

endi. Wektu iku ugo pesta perkawinan dadi ribut lan wong sing teko dadi bubar kabch.

Syaikh Maulana Ishaq ngajak garwane kundur menyang kadipaten anyar sing wis dikuasake marang deweke kalian sang prabu. Nang kono Syaikh Maulana Ishaq kalian Dewi Sekar Dadu urip seneng lan bahagia. Sak wise Syaikh Maulana Ishaq manggon nang Blambangan soyo suwe rakyat Blambangan akch sing mlebu agama Islam. Hal iku amargo simpatine rakyat Blambangan sing akch podo teko nang Syaikh Maulana Ishaq kanggo berobat lan kabukti sekaligus penyakite dadi waras, lagian beliau saithikpun ora ngarepake imbalan soko sak kabehe wong sing mrono, amargo iku kabch wong mikir yen agama Islam iku agama sing apik lan mujarap, sehingga akch wong masuk agama Islam lan belajar ilmu agama marang beliau.

Nontok kenyataan iku, Patih Bajul Sengara dadi soyo iri lan dendam marang Syaikh Maulana Ishaq. Sak benere kawit perkawinane Syaikh Maulana Ishaq karo Dewi Sekar Dadu, Patih Bajul Sengara wis nduweni loro ati marang beliau Syaikh Maulana Ishaq. Konon kabare yen Patih Bajul Sengara wis suwe ngidam-ngidamake Dewi Sekar Dadu dadi garwane, tujuane supoyo iso mewarisi tahta kerajaan Blambangan. Amargo iku, deweke terus berusaha mateni Syaikh Maulana Ishaq nganggo cara gaib yoiku neluh Syaikh Maulana Ishaq, tapi usaha iku ora pernah berhasil. Mulane deweke mikir yen Syaikh Maulana Ishaq iku kelewat kuat, sehingga ora mempan diteluh. Sak benere ora ngono, amargo beliau SMI hamba Allah sing wis cedek karo Tuhane, mangkane Allah ngelindungi beliau soko sak kabehe mara

bahaya semacam iku mau. Akhire Patih Bajul Sengara nggolck dalam liyo tanpa sepengetahuan Raja, deweke ngadakake kegiatan rahasia yaiku neror lan nyulik pengikute Syaikh Maulana Ishaq. Akeh penduduk sing beragama Islam disikso lan dipekso mbalik marang agamane sing mbiyen. Suwe-suwe Patih Bajul Sengara ngerasa wedi dhewe, amarga yen gusti prabu sampek ngerti kelancangane, mesti dhuka marang dewekne lan iso-iso dewekne dadi ciloko. maka saka kuwi, dewekne mesti disibukno lan disikso karo perasaane dewe.

Sak wijine waktu Patih Bajul Sengara ngadep raja gawe mitenah Syaikh Maulana Ishaq supoyo sang prabu dadi benci marang menantune iku. Dikandakno yen ora nutup kemungkinan anane Syaikh Maulana Ishaq nang kono bisa mbebayani kanggo raja lan kerajaan Blambangan. Amarga sakjeke anane kedadean ning pesta perkawinane, daging sing wis dimasak diuripna manch, iku sawijine bukti yen Syaikh Maulana Ishaq wis ngetokake kehebatan ilmune, sekaligus njatuhna mental sang Prabu. Luwih-luwih saya suwe pengikute saya akch, malahan akch rakyat ning wilayah kekuasakane Blambangan pindah nang kadipaten sing dipimpin Syakh Maulana Ishaq.

Prabu Minak Sembuyu sing sak benere cuma epok-epok ae mlebu Islam iku, tanpa mikir dowo, atine cepet kobong karo asutan patihe. Mulane diperintahna marang patih Bajul Sengara supaya cepet-cepet ngerahake pasukan kanggo nangkep lan mateni Syaikh Maulana Ishaq. Sakuntara iku Syaikh Maulana Ishaq sakbenere wis mangerteni kabeh sing dilakokno Patih Bajul Sengara iku. Kawitane beliau ora ngreken, tapi saya suwe beliau Syaikh Maulana Ishaq ngrasa ora cnak dhewe.

Mangkane marang garwone sing lagi mbohoh pitung wulan iku, beliau pamitan arep ninggalake Blambangan bali menyang negeri Pasai. Sak benere saithik wae beliau ora wedhi ngadepi Patih Bajul Sengara lan prajurite, nanging sing dikersakake ojo sampok akeh rakyat kang dadi korban amargo dheweke. Sak liyane iku beliau pesen marang Dewi Sekar Dadu, yen mbesok bayi sing dilahirake iku lanang supoyo diwenchi jeneng Raden Paku, lan yen wadon terserah arep diwenchi jeneng sapa wae.

Selang sediluk sakwise Syaikh Maulana Ishaq ninggalno Blambangan, ratusan prajurit sing dipimpin karo Patih Bajul Sengara teko nyerang panggonane Syaikh Maulana Ishaq. Prajurit kadipaten diperintahno Dewi Sekar Dadu supaya nyerah wae, supaya ora ono pertumpahan darah. Patih Bajul Sengara lan beberapa prajurite meriksa ning sajrone omah, ternyata Syaikh Maulana Ishaq wis ora ana. Maka iku sebagian prajurit diperintahake supaya nututi Syaikh Maulana Ishaq, nanging telat amargo kapal sing ditumpangi Syaikh Maulana Ishaq iku mau wis labuh ning tengahé segara.

Kanthi ati kang jengkel, Patih Bajul Sengara nggawa Dewi Sekar Dadu menyang istana karo nglaporake kegagalané. Raja pun ora duka, sing penting Syaikh Maulana Ishaq wis ora ono ing Blambangan. Rong wulan sapeninggale Syaikh Maulana Ishaq, Dewi Sekar Dadu nglahirake putra sing bagus baget. Prabu Minak Sembuyu seneng banget nrima wayah iku mau. Luwih-luwih sakwise mangerteni yen wayahe iku bayi kang bagus praupane lan berwibawa, sang Prabu sayang banget marang wayahe, merga cuma wayahe iku mau sing bakal ngantekake beliau mbesuke dadi raja Blambangan.

Patih Bajul Sengara sing kawitane rumangsa lega atine amarga Syaikh Maulana Ishaq wis lungu saka kono, sakwise krungu kabar mengkonono mau banjur praupane dadi murung. Kabeh kekepareane dadi buyar ora karuan, mergo angan-angane sing kepingin ngawini janda Dewi Sekar Dadu lan dadi raja Blambangan kecalang anak keturunane Syaikh Maulana Ishaq. Kebeneran wektu iku Blambangan dilanda wabah penyakit manch kaya mbiyen. Makanc kesempatan iku dadi kesempatane Patih Bajul Sengara. Keadaan iku digunakna kanggo ngasut sang Prabu manch, supaya kekepareane bisa terwujud.

Ana ing sawijine dina Patih Bajul Sengara sowan raja lan ngaturake yen wabah wis nychar manch ing Blambangan mergo Dewata Agung wis murka anane rakyat Blambangan mlebu Islam lan ninggalake agama leluhure.

“Sak teruse apa sing kudhu taktindhakake ?” pitakone sang Prabu. Sahutane Patih Bajul Sengara :” Miturut petunjuk saking para pertapa ingkang waskitha, kaping setunggal kedhah wonten kesadaran saking rakyat, ingkang artinipun rakyat kedhah purun wangsul dateng agama lami, ingkang nomer kalihipun bencana mboten badhe pernah sirna menawi Syaikh Maulana Ishaq tasih ninggalaken keturunan dateng Blambangan”. “Maksute....., wayahku kudhu disirnakake....?” Panyclane sang Prabu. Jawab Patih Bajul Sengara :” Injih mekatèn petunjukipun para pertapa, nanging sedaya keputusan wonten astanipun gusti Prabu. Kulo namung nyampekaken kemawon”. Sak benere sang Prabu abot banget kanggo ngelaksanakno nyirnakno wayah siji-sijine sing paling ditresnani mangkane ora gegabah kanggo mutusno masalah wayahciku mau. Masiyo ngono Patih Bajul Sengara ora ngenal

putus asa dheweke terus giat ngasut sang Prabu, sampek sang Prabu akhire kepangan hasutane Patih Bajul Sengara. Dewi Sekar Dadu sing mangerteni iku mau, nangis nyuwun supaya ramane ora ngikuti apa sing dikandakake Patih Bajul Sengara sing munafik iku mau.

“ Hai putriku..., kanggo njaga keslametane wong akheh, benno putramu sing ugo wayahku sing dadi korban”, naschate sang Prabu marang putrine. Patih Bajul Sengara menchi dalam kang paling becik yoiku putrane Dewi Sekar Dadu dipatene ae, nanging sang Prabu kabotan. Sakwise pirang-pirang dhino berfikir, akhire sang Prabu nemukake dalam kang adil, bayi iku dilarung ing samudra ana ing sajronc peti. Pikire sang Prabu mbeno sak kabche dipasrahno marang Dewata, yen Dewa memang ngersakake uripe, mesti sang bayi iku enthuk pitulungan saka manungsa. Nanging yen dikehendaki patine, yok opo maneh, Dewata Agung luwih mangerteni sakabehane.

Sakwise titi wancine sing ditentukake mbuwang bayi iku, Dewi Sekar Dadu uga melu ana ning upacara mau. Kanthi isak tangis lan hancure ati, sak dhurunge bayi iku dibuang, bola-bali Dewi Sekar Dadu ngambung bayi iku. Dewi Sekar Dadu ngerasa yen uripe wis ora ono artine maneh sakwise nyaksikake sejumlah prajurit nggawa peti sing isi bayine munggah nang kapal lan banjur ngelemparake peti nang tengah segara sing ganas ombake.

Dewi Sekar Dadu sing melu ing pembuangan putrane iku, panjenengane ora gelem bali menyang istana, panjenengane mlaku ngetutake peti putrane, sampek akhire panjenengane Dewi Sekar Dadu sedha ing pinggire segara, kentir ombak

sampek terdampar ana ing kene, kanthi digiring lan dikelilingi karo iwak Kething. Mangkane dhusun iki dijenengake dhusun Kethingan. Lan putranipu Dewi Sekar Dadu iku sak iki dikenal dadi Sunan giri.

3.3 CATATAN TRANSKRIPSI

Berikut ini dimuat sejumlah kata yang terdapat di dalam teks cerita Dewi Sekar Dadu. Kata-kata yang dimuat dalam catatan transkripsi adalah kata-kata yang dipilih berdasarkan anggapan bahwa kata-kata tersebut merupakan kata-kata yang perlu diperhatikan oleh pembaca. Untuk lebih mempermudah memahaminya, catatan transkripsi ini dibuat tabel berisi enam kolom. Kolom-kolom tersebut adalah (1) nomor, (2) terucap, (3) alinia, (4) baku, (5) terjemahan, dan (6) keterangan.

Pada kolom 'nomor' adalah urutan kata pada cerita Dewi Sekar Dadu yang perlu diperhatikan. Kolom 'terucap' adalah kata dalam teks cerita sebagaimana ucapan pencerita tanpa merubahnya. Kemudian yang ketiga, kolom (alinea, baris) yaitu menunjukkan dimana letak kata yang dimaksud. Contoh kata masiya terdapat pada (3,4). Hal tersebut dibaca 'masiya' terdapat pada alinea 3, baris ke-4.

Kolom 'baku' adalah bagaimana bentuk baku dari kata-kata yang termuat dalam kolom 'terucap'. Bentuk baku ini menurut tata bahasa baku Bahasa Jawa. Setelah itu kolom 'terjemahan' merupakan penerjemahan dari kata-kata yang termuat dalam kolom 'terucap'. Jika tidak dapat diterjemahkan maka diberi tanda tanya(?). Kolom terakhir adalah kolom 'keterangan' yaitu menjelaskan tentang kata-kata yang termuat dalam kolom 'terucap'. Ada beberapa kategori dalam menerangkan kata-kata.

Kategori ini adalah 'salah ucap' (su), 'penyingkatan kata'(pk), 'salah menggunakan kata' (smk), 'salah ucap' (su), 'salah ejaan' (se), dan 'dialek' (d).

Dalam cerita Dewi Sekar Dadu, setiap kata mempunyai frekuensi pemunculan yang berbeda-beda. Ada sebuah kata yang hanya diucapkan satu kali, tetapi ada juga sebuah kata yang diucapkan berulang-ulang. Kata yang digunakan lebih dari satu kali, dalam catatan transkripsi dicatat satu kali.

TABEL CATATAN TRANSKRIPSI

No	Terucap	(alinea, baris)	Baku	Terjemahan	Keterangan
1.	kenekan	(1, 2)	kena	terkena	d
2.	mrihatinno	(1, 2)	prihatin	memprihatinkan	d
3.	banget	(1, 2)	sanget	sangat	se
4.	esuk	(1, 2)	isuk	pagi	se
5.	korban	(1, 2)	kurban	korban	d
6.	saka	(1, 3)	saking	dari	d
7.	rumangsa	(1, 3)	kerasa	merasa	d
8.	keweden	(1, 3)	wedi	ketakutan	d
9.	tumeka	(1, 4)	teka	datang	d
10	sampek	(1, 5)	nganti	sampai	d
11	nyebut	(2, 1)	sebut	dipanggil	se
12	ngeneki	(3,1)	kena	menimpa	d
13	pirang-pirang	(3, 2)	pira-pira	banyak	d
14	ngusir	(3, 3)	usir	mengusir	d
15	masiyo	(3, 4)	masiyo	meskipun	d
16	yen	(3, 4)	yen	bahwa	d
17	ndadi	(4, 1)	dadi	jadi	d
18	meh	(4, 1)	?	hampir	d

19	sing	(4, 1)	sing	yang	d
20	nemplek	(4, 3)	nempel	melekat	su
21	neng	(4, 3)	neng	di	d
22	sakwise	(5, 1)	uwis	setelah	d
